Текӏуэныгъэм и Махуэшхуэмкӏэ!

УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокӏ

# Черкес хэку

№32 (13894)

2024 гъэ, накъыгъэм (майм) и 9, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкӏыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦӀыхубэ ЗэӀущӀэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ




ХЪУЭХЪУХЭР

## Ди ветеран, тылым и лэжьакӏуэ лъапӏэхэ, пщӏэ зыхуэтщӏ ди хэкуэгъухэ!

**Ди гум къыбгъэдэкӏыу дывохъуэхъу ди къэралымкӏэ нэхъыщхьэ дыдэ махуэщӏым — Текӏуэныгъэм и Махуэм и щӏыхькӏэ!**

*Илъэс 79-рэ текӏыжащ Хэку зауэшхуэм и уафэгъуагъуэр зэрытщхьэщыкӏрэ. Арами, зауэр зылъэмыӏэса, лӏыхъужьым и фэеплъыр щамыхъумэ зы унагъуи Урысейм искъым. Аращ илъэс пщӏы бжыгъэу, лӏыщӏыгъуэу дапщэ темыкӏами, урысей цӏыхубэмкӏэ накъыгъэм и 9-р нэхъ махуэ лъапӏэрэ хэӏэтыкӏахэм ящыщу щӏыщытынур, Текӏуэныгъэр къэзыхьа цӏыхубэр псом нэхърэ нэхъ быдэу зэригъэубыду.*

*Республикэм и къуэ, ипхъу куэдым я гъащӏэр халъхьащ а зауэм. Дэ дрогушхуэ Хэку зауэшхуэм и фронтхэм ӏута ди хэкуэгъу мин 46-м, къытхэмытыж ветеран къэс, псэууэ къэзыгъэзэжа фронтовикхэм. Абыхэм я фэеплъыр игъащӏэкӏи тхъумэнущ.*

*Мы махуэщӏ хъарзынэм гум къыбгъэдэкӏ фӏыщӏэ псалъэхэр яхудогъэфащэ пщӏэшхуэ зыхуэтщӏ ди ветеран лъапӏэхэм, тылым щылэжьахэм. Ди щхьэхэр фхудогъэщхъ фэ, Хэку уардэм, лъэрыхьым дыщыпсэунымкӏэ насыпыр тыгъэ къытхуэзыщӏахэм. Дэ зэгуэрми тхуэмыпшынын фи щӏыхуэу ттелъынущ ар. Ди къалэнщ къытщӏэхъуэ щӏэблэр фашизмэм пэжыжьэ тщӏыныр. Урысей зауэлӏхэм, абыхэм ящыщу ди хэкуэгъухэм — СВО-м хэтхэм нобэ зрапщыт, ядоплъей я адэжьхэм, абыхэм Хэкум и Текӏуэныгъэм и щӏыхькӏэ къагъэлъэгъуа я лӏыгъэм. Текӏуэныгъэр дыдеинущ!*

*Махуэщӏымкӏэ, ди хэкуэгъу лъапӏэхэ! Текӏуэныгъэм и Махуэмкӏэ!*

**ТЕМРЕЗОВ Рэшид,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Ӏэтащхьэ**

**ИВАНОВ Александр,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦӀыхубэ ЗэӀущӀэм (Парламентым) и тхьэмадэ**

**АРГУН Мурат,**
**Къэрэшей-Черкес Республикэм и Правительствэм и тхьэмадэ**

**ЩӀыхь зиӀэ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэ!**
**ПщӀэ зыхуэсщӀ си хэкуэгъухэ!**

Си гум гуапэу къыбгъэдэкӀыу сывохъуэхъу махуэщӀышхуэмкӀэ – ТекӀуэныгъэм и МахуэмкӀэ!

Накъыгъэм и 9-р – мамырыгъэмрэ хуитыныгъэмрэ тыгъэ къытхуэзыщӀахэм, фронтымрэ тылымрэ щызэуахэм, зауэнэужь илъэс хьэлъэхэм къэралыр зэфӀэзыгъэувэжахэм фӀыщӀэ щахуэтщӀ махуэщ. Нобэ яхуэфащэ пщӀэрэ фӀыщӀэрэ яхудощӀ ди ветеранхэм, тылым Ӏутахэм, зауэ илъэс хьэлъэхэм хиубыдахэм, мамыр уафэм щыпсэуным папщӀэ цӀыху мелуанхэм я хуитыныгъэр зыхъумахэм.

ПщӀэ зыхуэсщӀ си хэкуэгъухэ!

Сывохъуэхъу узыншагъэ фиӀэну, гъащӀэ нэху, тынш, кӀыхь къэвгъэщӀэну, псэ хуабагъэрэ Ӏыхьлыхэм я гулъытэрэ къыфлъысыну!

**КЪЭЗЭНОКЪУЭ Кърым,**
**Урысей Федерацэм и Федеральнэ ЗэӀущӀэм ФедерацэмкӀэ и Советым КъЧР-м къыбгъэдэкӀыу хэт сенатор**

"День Победы" уэрэдыр адыгэбзэкӀэ

## ТекӀуэныгъэ!

*1. ТекӀуэныгъэ – ар*
*дэ сыту тпэжыжьа.*
*Хуэдэт мафӀэ ужьыхам*
*дэп хисхьэжа.*
*Ди гъуэгуанэр,*
*сабэ защӀэурэ, лыгъейт,*
*Дэ мы махуэр*
*зэрытлъэкӀкӀэ къэдугъуейт.*

***Ежьу:***

*Ар, а ТекӀуэныгъэр*
*ГынкӀэрэ гъэнщӀащ.*
*А гуфӀэгъуэр*
*Нэзэрыхъэ зэщӀэтхъуащ.*
*Нэм гуфӀэгъуэр*
*ГуфӀэ нэпсу къыщӀэжащ.*
*Махуэ дыгъэ!*
*ТекӀуэныгъэ!*
*ТекӀуэныгъэ!*

*2. Махуи жэщи жыр*
*щагъавэ хьэкухэм деж*
*Хэку нэбдзыпэ*
*къыщехауэ ямыщӀэж.*
*Махуи жэщи*
*ебэнт зауэ шэчыгъуейм, –*
*Дэ мы махуэр*
*зэрытлъэкӀкӀэ къэдугъуейт.*

***Ежьу***

*3. Сэлам, ди анэ, къэкӀуэжахэм*
*куэд тхэщӀащ*
*ЛъапцӀэрыщэу*
*зэжынт уэсэпсыр, гум жиӀащ*
*ТкӀуащ иныкъуэр*
*дэ Европэм, ЩӀы хъурейм, –*
*ТфӀэфӀт мы махуэр*
*зэрытлъэкӀкӀэ къэдугъуейм.*

***Ежьу***

**ЗэзыдзэкӀар**
**ДЖЭДГЪЭФ Борисщ**

"Вечный огонь"

## Ену — фэеплъ



ТекӀуэныгъэ Махуэшхуэм хуэкӀуэу, видеоконференц зэпыщӀэныгъэ щытыкӀэм иту, Урысейм и хэгъуэгу 11-м щӀэуэ къыщызэӀуаха, Ену блэ МафӀэ 22-рэ щӀыуэпс гъуэзым пащӀащ. Апхуэдэщ, Псков областыр, Къэрэшей-Черкес Республикэр, Краснодар, Ставрополь крайхэр, Новгород, Омск, Самарэ, Саратов, Сахалин, Смоленск, Челябинск областхэр.

Къэрэшей-Черкес Республикэм и Медногорск жылагъуэм Ену блэ МафӀэр «Журавли» мемориалым къыщызэӀуахащ.

А Ӏуэхугъуэм хэтащ КъЧР-м и ЦӀыхубэ ЗэӀущӀэм (Парламентым) и тхьэмадэ Иванов Александр, «Газпром межрегионгаз Черкесск» ООО-м и генеральнэ унафэщӀ Дергачев Олег, Уарп район администрацэм и Ӏэтащхьэ Зайцев Михаил, жылагъуэм щыпсэухэмрэ хьэщӀэхэмрэ.

**ТУАРШЫ Ирэ**

МахуэщӀым къикӀыу

## ГуфӀэри нэпсри зэщӀэту

**Къэрэшей лъэпкъым къызэригъэзэжрэ мы гъэм илъэс 67-рэ зэрырикъум ипкъ иту, республикэм гуфӀэгъуэ дауэдапщэхэр щекӀуэкӀащ.**




Накъыгъэм и 3 пщэдджыжьым Карачаевск къалэм и Ӏэхэлъахэм щыт фэеплъ мемориалым жылагъуэр щызэхуэсащ, депортацэ илъэсхэм хэкӀуэдахэм яхуэщыгъуащ, удз гъэгъахэр сыным щагъэтӀылъащ.

Иужьым, республикэ къалащхьэм и «ХытӀыгу ЩхъуантӀэ» зыгъэпсэхупӀэ паркым гуфӀэгъуэ Ӏуэхугъуэ нэхъыщхьэр щекӀуэкӀащ.

Пшыхьым хэтащ КъЧР-м и Ӏэтащхьэ Темрезов Рэшид, республикэм и ЦӀыхубэ ЗэӀущӀэм (Парламентым) и тхьэмадэ Иванов Александр, республикэм и Правительствэм и тхьэмадэ Аргун Мурат, ди хэгъуэгум къыбгъэдэкӀыу Федеральнэ ЗэӀущӀэм хэт сенаторхэр: Къэзэнокъуэ Кърымрэ Салпагаров Ахъмэтрэ, къалэдэсхэр, хьэщӀэхэр, нэхъыжьхэр, щӀалэгъуалэр.

Темрезов Рэшид къызэхуэсахэм захуигъазэкӀэрэ, жиӀащ къэрэшей лъэпкъыр и лъахэ щимысыжми, я хабзэм, я гуащӀэм хуэпэжу, икъурар хуаӀэу къызэрекӀуэкӀар. Абы и нагъыщэщ гуащӀэдэкӀ, зэуапӀэ фронтхэм лъэпкъым и къуэ, ипхъу хахуэхэм, гуащӀэрылажьэшхуэхэм къыхуагъэфэща нагъыщэхэр, дамыгъэхэр, щӀыхьыцӀэхэр.

Хэгъуэгум и Ӏэтащхьэм къыхигъэщащ къытщӀэхъуэ щӀэблэм апхуэдэ хабзэфӀхэм адэкӀи зэрыпащэнум шэч къызэрытримыхьэр.

Къэпсэлъахэм къыхагъэщащ нобэ СВО-м щыӀэ ди зауэлӀхэм я лӀыгъэри, лъэпкъ зэкъуэтыныгъэм и фӀыгъуэри, ахэр сыт щыгъуи тхъумапхъэ фӀыгъуэу зэрыщытри.

ЖыӀэпхъэщи, лъэпкъым и гуфӀэгъуэ махуэм хуэкӀуэу республикэм и ӀуэхущӀапӀэ, еджапӀэ зэхуэмыдэхэм лэжьыгъэшхуэ щекӀуэкӀащ, щӀэблэм тхыдэ къэхъукъащӀэ гуауэр ягъэцӀыхуныр, фэеплъ хуегъэщӀыныр и купщӀэу.

**ТУАРШЫ Ирэ**

## Мыхьэнэшхуэ зиӀэ тхыгъэ

**Хэку зауэшхуэм и тхыдэр цӀыхубэм фӀыуэ ягъэцӀыхунымкӀэ ӀэмалыфӀу щыт, «Диктант Победы» къэралыбэ мыхьэнэ зиӀэ акцэр, хабзэ зэрыхъуауэ, илъэс къэс майм и 9-м хуэкӀуэу ирагъэкӀуэкӀ.**

Ди республикэри а Ӏуэхум жыджэру сыт щыгъуи хэтщ. КъЧР-м и Ӏэтащхьэ Темрезов Рэшид диктантыр япэу зытхахэм яхэтащ. Хэгъуэгум и лӀыщхьэм фӀыщӀэ яхуищӀащ илъэсих хъуауэ екӀуэкӀ мы Ӏуэхугъуэр къызэзыгъэпэщхэм, абы итыну упщӀэ гъэщӀэгъуэнхэр къэзыгупсысхэм. Зи ныбжькӀэ зэхуэмыдэ цӀыхухэр къызэрызэщӀиубыдэр, ар зэрафӀэгъэщӀэгъуэныным, зэрыдихьэхыным хуэдэу упщӀэхэр къызэрызэгъэпэщар къыхигъэщащ. Илъэс къэс а Ӏуэхум къыхыхьэхэр нэхъыбэ зэрыхъуми зэрыripагэр жиӀащ.

«ТекӀуэныгъэм и Ӏуэрытхыр — ди щӀэныгъэр къэзыгъэлъагъуэ, е хэзыгъахъуэу щыт Ӏуэхугъуэ къудейкъым, атӀэ илъэс бжыгъэ хъуауэ Урысейм щыпсэухэр зыщӀапӀыкӀ гъэсэныгъэм, цӀыхум и лъапӀэныгъэ нэхъыщхьэхэр ди сабийхэм зэрахэтлъхьэн Ӏэмалщ. Мыхьэнэ иӀэщ Хэку зауэшхуэм къыщыхъуауэ тхыдэм хэт пэжыгъэр, ди цӀыху хахуэхэм я лӀыгъэр зыщыдмыгъэгъупщэным. ДоцӀыхуж икӀи дрогушхуэ ди фронтовик лӀыхъужьхэм, тылым щылэжьа дэтхэнэми!» — щитхащ Темрезов Рэшид и телеграм-каналым.



## ЛӀыгъэм и нагъыщэ

**ТекӀуэныгъэм и Махуэм ипэ къихуэу яублащ гъэ къэси ирагъэкӀуэкӀ «Георгиевская ленточка» Урысейпсо акцэр.**

Ар нэхъыщхьэу хуэунэтӀащ Хэкур яхъумэу хэкӀуэда зауэлӀхэм я фэеплъыр къызэтегъэнэным. Ар ирагъэхъулӀащ 1941-1945 гъэхэм екӀуэкӀа Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекӀуэныгъэр илъэс бжыгъэ щрикъу къыкӀэлъыкӀуэ махуэм.

Георгиевскэ лентӀыр хахуагъэм, гушхуэныгъэм, тхыдэ лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм Хэкур зыхъумахэм, зауэ операцэ хэхам деж ди шынагъуэншагъэр къызэфӀэзыгъэкӀхэм я лӀыгъэм пщӀэ зэрыхуэтщӀым и нагъыщэщ!

Мы акцэм къыхыхьащ Хьэбэз районым и курыт еджапӀэхэм щылажьэ волонтёр гупхэр. Абыхэм ящыщщ Али-Бэрдыкъуэ къуажэм дэт е 2-нэ курыт еджапӀэм и КИД-м иригъэкӀуэкӀа хэкупсэ акцэри.



Хэкур зыхъума ди лъэжьэгъухэр

## Редактор нэхъыщхьэу зауэм Iутахэр


НЭПТЫГЪУ Iэмин (хэкIуэдащ)


ДЫЩЭКI Хьэсэмбий (хэкIуэдащ)


АЖИЙ Чыхьэбэн (хъыбарыншэу хъуащ)


МАШЫКЪУЭ Хьэжмурат (къигъэзэжащ)


УЭХЪУТЭ Анзор (къигъэзэжащ)

Черкес хэку 100


КЪАРДЭН Хьэсанэ (хэкIуэдащ)


СЭКИЙ Муссэ (къигъэзэжащ)


ДЭБАГЪУЭ СултIан (къигъэзэжащ)


АРГУН Aубэчыр (къигъэзэжащ)


КЪАРДЭН Хьэсэмбий (къигъэзэжащ)


ГЪУЭЩОКЪУЭ Хъусин (къигъэзэжащ)


ХЪЫТIУ Сэйдин (къигъэзэжащ)


АСЛЪЭНЫКЪУЭ Пщымырбий (къигъэзэжащ)


ШУРДЫМ Кущыку (къигъэзэжащ)

## Газетым гуащIэ ин щызыгъэтIылъахэр


МАМХЭГЪ Жыхьэбэн (къигъэзэжащ)


ХЬЭНФЭН Алим (къигъэзэжащ)


НАРТОКЪУЭ ФIыцIэ (къигъэзэжащ)


АМИРОКЪУЭ Ибрэхьим (къигъэзэжащ)


УЭХЪУТЭ Абдулыхь (къигъэзэжащ)


БАХЪТЫР Исмэхьил (къигъэзэжащ)


АХЪМЭТ Мухьэдин (къигъэзэжащ)


МЫСРОКЪУЭ СултIан (къигъэзэжащ)

МЭРЧАНЫКЪУЭ Талустэн | ЕЩЭР Абубэчыр | КЪУЛ Владимир

ХэкIуэдахэщ

КЪАРДЭН Къазий Жамхъуэт и къуэр | ДЫЩЭКI Чэмил ПIатIэ и къуэр

УЭХЪУТЭ Айтэч Мастэ и къуэр | БЕШТО Мэхьмуд Азэмэт и къуэр

**ГЪУЭЩОКЪУЭ Хъусин и унагъуэм щахъума архивхэм къыхэна зауэ сурэтхэр**







# Тхыдэ хъужа сурэтым къиIуэтэжыр

Хэку зауэ Иныр щекIуэкIа илъэсхэр нэхъ тпэжыжьэ хъухункIэ ТекIуэныгъэшхуэр къытхуэзыхьа ди зауэлIхэр нэхъ мащIэ мэхъу, бгъуэтыжкъым абыхэм яхьэлIа хъыбархэмрэ сурэтхэмрэ. Нобэ унагъуэ куэд бгъуэтыжынукъым тхыдэ мыхьэнэшхуэ зиIэ сурэт гуэр ихъумэфауэ.

Черкесск къалэм щыпсэуа Шурдым Тамарэ педучилищэм щIэсахэм ящыщщ, къыдеджа Шурдым Кушыку щхьэгъусэ къыхуэхъуати, абы и щIалэгъуэм ехьэлIа сурэт къызэрымыкIуэ ихъумэфащ. Ар къызэрымыкIуэ ещIыр Совет Союзым и ЛIыхъужь Хьэбэч Умар, ди адыгэ, абазэ щIалэ хъарзынэхэм я щIалэгъуэр тхыдэм зэрыхуихъумэфам.

Тамарэ къыдитауэ фи пащхьэ итлъхьэ сурэтым итщ илъэс бжыгъэкIэ зэкъуэшым хуэдэу зэщIыгъуа, зэдеджа, зауэм и хьэлъапIэмрэ и гуащIапIэмрэ зышэча, ТекIуэныгъэм и Махуэр къэгъэгъунэгъуным хуэфащэ къару хэзылъхьа щIалитху. Ахэр Къубинэ щыщ Дэгужьей Хмарэ, Хъумэрэ щыщ Темыр Хьэжмусэ, Малый Зеленчук къуажэм къыщыхъуа, Совет Союзым и ЛIыхъужь Хьэбэч Умар, Псыжь къуажэм щыщ Хьэчыкъуэ Зэмэхъшэрий, Зеикъуэ къыдэкIа Шурдым Кушыку сымэщ.

Жагъуэ зэрыхъущи, щIалитхум ящыщ зыри псэужкъым.

ГъэщIэгъуэнщ мы щIалитхум я къекIуэкIыкIам утепсэлъыхьыну. Я гугъу тщIынщ сурэтым зэрызэкIэлъыкIуэм хуэдэу сэмэгумкIэ къыщыщIэддзэнщи.

### ДЭГУЖЬЕЙ Хмарэ

Мы абазэ щIалэр 1920 гъэм Къубинэ къуажэм къыщалъхуащ. Япэ дыдэ щIэныгъэ зэзыгъэгъуэтыну гукъыдэж зиIахэм яхэтащ. ИкIи я къуажэм классиблыр къыщиуха нэужь, Черкесск педучилищэм щIыхьащ, 1939 гъэм ар къыщиухым я къуажэ егъэджакIуэу ягъэкIуэжащ. Кадр офицеру дзэм къулыкъу щищIэу зауэр къежьащ. Нэхъапэ гъэр ящIахэм яхэтащ. КъыщIэпхъуэжмэ, яубыдыжурэ, щэнейрэ лагерым къикIуэсыкIыжащ. Ещанэр къехъулIэри, Брест партизан зэгухьэныгъэм Чкалов и цIэр зезыхьэу хэт отрядым хыхьащ, 1943 гъэм мартым и 1-м къыщыщIэдзауэ (къаукIыху) абы хэтащ.

Хмарэ къыдэзэуа партизанхэу Цветков Александр, Никитич Николай, нэгъуэщIхэм зэрыжаIэжамкIэ, узыфIэмыкIыжын партизан гуейуэ, бийм и псэр Iузыхыу щытащ. Зы нэмыцэ штабкъым, гарнизонкъым къигъэуар, гъущI гъуэгуу зэтрикъутар, мафIэгуу игъэлъэныкъуэбар, мащIэкъым бийуэ зэтриукIар.

Абыхэм зэрыжаIэжамкIэ, нэхъ Iуэху гугъур, шынагъуэу щытыр дзыхь зыхуащIхэм яхэтащ Хмари. Хъыбар къаIэрыхьат нэмыцэхэм я лъэныкъуэ хъуа власовцхэм партизанхэм къадэIэпыкъуфынухэр яхэту, партизанхэм къаIущIэну хуейуэ. Хмарэ зи пашэ гупым пщэрылъ хуащIри ягъэкIуащ. ГъэпцIагъэу къыщIэкIащ хъыбарыр икIи нэмыцэхэм къыщаухъуреихьым, затакъым, нэмыцэ гупыфI здахьу я гъащIэр ятащ 1944 гъэм майм и 19-м. ЩIыпIэм щыпсэу цIыхухэри яхэту щыщIалъхьащ Пигановичи беларус къуажэ цIыкIум. 1970 гъэм нэгъунэ Хмарэ хъыбарыншэу кIуэдауэ къалъытащ. «Фэеплъ» тхылъми апхуэдэу ихуэну къыщIэкIынт, Къубинэ еджапIэм и етхуанэ «в» классым хэса лъыхъуакIуэхэр мыхъуатэмэ. Ахэр архив, щIыпIэ зэхуэмыдэхэм тхэурэ къащIащ партизану зэрыщытар, Брест областым зэрыщыкIуэдар. ИтIани зыпащIащ Беларусым; партым и ЦК-м, институт, архив зэхуэмыдэхэм. ИкIи хьэкъыпIэкIэ зэхагъэкIащ Хмарэ и къекIуэкIыкIар, здаукIар, здыщIалъхьар. Егъэджакlуэ Балэ Динэ я пашэу къэхутакIуэхэр Беларусым кIуащ, Хмарэ и кхъэр къагъуэтащ, щIыгу IэмыщIэ здахьати, тралъхьащ. Абы лъандэрэ къуажитIым — Къубинэрэ Пигановичрэ — зэпыщIэныгъэ зэхуаIэщ.

Хмарэ зэрызэуамрэ лIыгъэу зэрихьамрэ къыщащIэм, Къубинэ еджапIэм и цIэр фIащащ. Псэууэ къэна партизанхэм къаIэтат Совет Союзым и ЛIыхъужь цIэр къыфIащыну. Полковник Нежинский Валентини тхыгъэшхуэ хуитхащ Дэгужьейм, «Солдаты умирают с оружием» тхылъым ихуащ. Мис апхуэдэ фэеплъ къигъэнащ Дэгужьей Хмарэ.

### ТЕМЫР Хьэжмусэ

Зауэм икIыхьагъкIэ хэта Хьэжмусэ и насып къихьащ псэууэ къыхэкIыжын, гъащIэ кIыхь къигъэщэн. Ари Хмарэ и ныбжьэгъу дыдэщ, 1920 гъэм Хъумэрэ къуажэм къыщалъхуащ. И гуащIэдэкI гъащIэри егъэджакIуэкIэ къыщIидзащ. Ауэ куэд темыкIыу Черкесск педучилищэр къыщиуха 1939 гъэ дыдэм къулыкъум яшащ.

Апщыгъуэм щIэныгъэншэр куэдти, щIэныгъэ зиIэу къагъуэта адыгэ щIалэр ягъэкIуащ Гомель пулемет училищэм. 1941 гъэм лейтенантыцIэр иIэу ар къиуха къудейуэ зауэр къежьащ. ИкIи мазэ нэхъ темыкIыу фронтым Iухьэри, ТекIуэныгъэр къахьыхункIэ Iутащ.

Ротэм и командиру, батальоным и штабым и Iэтащхьэу, нэгъуэщI IэнатIэхэр игъэзащIэу щызэуащ КъухьэпIэ фронтым. Москва, Сталинград зыхъумахэм, Украинэр, Беларусыр, Польшэр, Кенигсберг къалэр, нэгъуэщIхэр хуит къэзыщIыжахэм, Берлин къэзыщтахэм яхэтащ лIыгъэрэ гуеигъэрэ къигъэлъагъуэу. Абыхэм я телъхьэщ Красное Знамя, Хэку зауэшхуэ (езанэ нагъыщэ) орденхэр, «Германиер къызэращтам папщIэ», «Москва зэрахъумам папщIэ», «Польшэр хуит къызэращIыжам папщIэ», «Кенигсберг хуит



къызэращIыжам папщIэ» медалхэр къызэрыхуагъэфэщар.

Хьэжмусэ 1945 гъэм къулыкъум къыхэкIыжащ, 1985 гъэм нэгъуни я къуажэм щыегъэджэкIуащ, «И лэжьэкIэфIым папщIэ» медаль къыхуагъэфэщащ.

Пенсэм кIуа нэужьи пщIэншэу зэманыр игъэкIуакъым, и къуажэм, и къуажэгъухэм Iуэхушхуэ яхуилэжьащ — къуажэм и тхыдэр яхуитхащ, и къуажэгъу щIалэхэр къыдэIэпыкъури, тхылъу къыдигъэкIыжащ. Абы къыдэкIуэу къыдеджа, и ныбжьэгъу, Совет Союзым и ЛIыхъужь Хьэбэч Умар и фэеплъыр хъумэнымкIэ мащIэкъым илэжьар: итхащ гукъэкIыжхэр, усэ, сурэтхэр музейхэм къахуигъуэтыжащ. Зыщигъэгъупщакъым сурэтым къыдит адрей и ныбжьэгъуфIхэри.

### ХЬЭБЭЧ Умар

Умар теухуауэ ятхар мащIэкъым. ТхакIуэхэу Брат Хьэбасрэ Нежинский Валентинрэ тхылъ хьэлэмэтхэр къыдагъэкIащ, куэдщ гукъэкIыжхэр. Арами, илъэс 24-рэ нэхъ къэзымыгъэщIа, Хэкум папщIэ зи гъащIэр зыта щIалэм хужыпIэфыну къыкъуэкIыжыр куэд мэхъу. Апхуэдэщ и еджэгъуахэм я гукъэкIыжхэр, щIэуэ къагъуэтыж тхылъхэр, сурэтхэр. Апхуэдэ зыщ мы тхыгъэм зи гугъу щытщI сурэтри.

Къыдеджа Темыр Хьэжмуси Хьэчыкъуэ Зэмэхъшэрии жаIэжт Умар икъукIэ гурыхуэу, псоми дихьэхыу зэрыщытар. АтIэ апщыгъуэм, 1939 гъэм, диплом плъыжькIэ къэзухыфу щытар зырыз дыдэт. Умар ар хузэфIэкIащ.

И Iэзагъымрэ и гурыхуагъымрэ къыщхьэпэжащ 1940 гъэм военнэ училищэм щыщIыхьами, взводым, ротэм, батальоным и командиру щыщытами.

ИлъэсиплI енкIэ фронтым къыIумыкIыу Iутыфар куэдкъым. Умар а гъуэгуанэ гугъур, ажалкIэ гъэнщIар икIуащ, зауэр иухыным махуэ 29-рэ фIэкI имыIэжу Венэ къалэр хуит къыщащIыжым хэкIуэдащ. Хэку зауэшхуэ, Невский Александр орденхэм къадэкIуэу, щэнейрэ и цIэр къраIуащ Совет Союзым и ЛIыхъужьыцIэр къыфIащыну. Уеблэмэ, ЛIыхъужьу зытетха и сыныр Венэ къалэм щыт пэтрэ 1990 гъэращ псэрэ къарукIэ, и гъащIэмкIэ къилъэща ЛIыхъужьыцIэр къыщыфIащыжар. Ар я фIыгъэщ цIыху куэдым.

Дунейм темытыжми, и цIэр фIыкIэ жаIэ, яхъумэ. Педучилищэм, къуажэ уэрамхэм и цIэр зэрахьэ, музейхэр къызэрагъэпэщащ, 1991 гъэм къыздалъхуа Малый Зеленчук къуажэм Умар и цIэр фIащыну Iуэху къаIэтауэ щытащ...

Умар теухуа хъыбар кIэщIыр дыухынщ къыдеджа, и ныбжьэгъуа Темыр Хьэжмусэ и усэмкIэ.

### Утщыгъупщэкъым

Удэсыжкъым уи къуажэм уэ нобэ,
Уэрамыщхьэхэм ущамылъагъуж,
Дызэхуос уэрыншэу уи ныбжьэгъухэр,
ГукъэкIыжхэр зэхудоIуэтэж.
Уи гуфIэкIэр, уи дуней тетыкIэр,
Махуэ къэси ди нэгу къыщIохьэж,
Укъыщалъхуа махуэр дэ дгъэлъапIэу
Уи сурэтым дигу укъегъэкIыж.
Умар цIыкIукIэ дыноджэу, удгъафIэу,
ИлъэситхукIэ дэ дызэдеджащ,
УиIэ псори хэти ейуэ тлъытэу,
ЩIалэ дэгъуэу уэ укъытхэтащ.
Зауэм и гуащIапIэм уэ ухэтми,
Сэлам гуапэр къытхуебгъэхь зэпытт,
ЛIыгъэ пхэлъу бийхэм уаздезауэм,
Лъэпкъым и цIэр лъагэу уэ тхуэпIэтт.
Дызэхуос ныбжьэгъухэр илъэс къэси,
Уи сын лъапIэм Iэ дыдолъэ дэ,
ТекIуэныгъэ Махуэр къыддэпIэту,
Укъытхэтым хуэдэш ноби уэ...

### ХЬЭЧЫКЪУЭ Зэмэхъшэрий

Зэгъусэу педучилищэм къыщIэкIа щIалэхэр а илъэс дыдэм къулыкъум зэдыдашащ. Зэмэхъшэрий зэрыхуэпакIи и дуней тетыкIэкIи зытегъэпсыхьауэ къалъытар шуудзэращ. Львов щыIа полковой еджапIэм пулеметчикыу щыхурагъэджат. И «максимыр» дэгъуэу зэригъэщIауэ, зэтригъэпсыхьауэ, игъэунэхуауэ, фин зауэм хыхьэну хьэзыру, апхуэдэ унафи щыIэххэу ар иухащ. Абы иужькIэ илъэскIэ Ищхъэрэ Буковинэм къулыкъу щищIэжащ.

Зэмэхъшэрий яхэтащ япэ дыдэ нэмыцэдзэм Прут псым деж япэувахэм. ИужькIэ жыджэру хэтащ Москва зыхъумахэм, Кавказыр, Пруссиер хуит къэзыщIыжахэм. ТIэунейрэ уIэгъэ хъуащ, сымаджэщ зэхуэмыдэхэм щIэлъащ. Зэрыхъужу фронтым Iухьэжурэ, ТекIуэныгъэр къахьыхункIэ дзэхэм яхэтащ.

Псыжь щыщ щIалэм и зауэкIар, лIыгъэу зэрихьар зыхуэдэр къагъэлъагъуэ Красная Звезда орденитIым, Хэку зауэшхуэ орденым и япэ нагъыщэм, медаль зэхуэмыдэхэм.

Узыншэу, псэууэ и къуажэм къигъэзэжа нэужь егъэджэкIуащ. Къэрэшей-Черкес тхылъ тедзапIэм и редакторащ, илъэс 12-кIэ, пенсэм кIуэхункIэ, «Абазашта» газетым и мэкъумэш отделым и унафэщIу щытащ.

Пенсэм кIуэри, щIэблэм сэбэп яхуэхъуу, и чэнджэщыфIхэр яриту, зауэм и хъыбархэмкIэ ахэр игъасэу куэдрэ яхэтыжащ.

### ШУРДЫМ Кушыку

Сурэтым ит нэрыбгиплIым етхуанэр Шурдым Кушыкущ. Ари педучилищэр къызэриухыу, и ныбжьэгъухэм хуэдэу, къулыкъум дашащ, офицеру, взводым, ротэм, батальоным я пашэу зауэм и кIыхьагъкIэ хэтащ. Псом хуэмыдэу Кушыку и цIэм, и лIыхъужьыгъэм Къэрэшей-Черкесым исхэр щыгъуазэ ищIащ 1943 гъэм и январым Черкесск къалэр, областыр бийм къыIэщIэзыгъэкIыжахэм зэрахэтам. Аращ ТекIуэныгъэм и Махуэр щагъэлъапIэкIэ, Черкесск хуит къызэращIыжам и гугъу щащIкIэ, абы и цIэр къыщIраIуэр.

Зауэм зэрыхэтамрэ лIыгъэу къигъэлъэгъуамрэ я щыхьэтщ Красное Знамя, Хэку зауэшхуэ (езанэ нагъыщэ) орденхэр, медаль 14 къызэрыхуагъэфэщар.

ЗыкIи нэхъ щыармуакъым мамыр гъащIэми. И Хэкум къигъэзэжа нэужь Хьэбэз райисполкомым, партым и райкомым, область парторганизацэм щылэжьащ, партым и Адыгэ-Хьэблэ райкомым и япэ секретаращ.

И гуащIэдэкI гъащIэм щыщ IыхьэфI щрихьэкIащ адыгэ газетми. Абы и редактор нэхъыщхьащ илъэс 19-кIэ. ИужькIэ Къэрэшей-Черкесым и журналистхэм я зэгухьэныгъэм и пашащ, лъэпкъ журналистикэм зегъэужьыным хэлъхьэныгъэфI хуищIащ. А илъэсхэращ адыгэ журналистхэм я бжыгъэм, я IэпщIэлъапщIагъым щыхэхъуар.

Кушыку унафэщIа къудейкъым, атIэ езыми тхэным зритауэ щытащ. Итхащ, къыдигъэкIащ тхылъитI: «Гъэхэмрэ зэманхэмрэ» — и зауэ гукъэкIыжхэр, «Жьы фиIэ?» — нэгъуэщI къэралхэм щыIэ адыгэхэм зэраIущIамрэ къэралхэм я щыIэкIэ-псэукIэмрэ къигъэлъагъуэу.

И гуащIэдэкI гъуэгуанэри IуэхуфIкIэ гъэнщIауэ зэрыщытам папщIэ Кушыку къыхуагъэфэщащ Трудовое Красное Знамя орденыр, къыфIащащ «РСФСР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэр.

Илъэс 68-щ Кушыку къигъэщIар, ауэ ахэр IуэхуфIхэмкIэ гъэнщIауэ щытащ, зэи къигъэукIытакъым мы тхыгъэм хэт сурэтым къыбгъэдэт и ныбжьэгъухэри, адыгэ лъэпкъри.

**ДАУР Жэхьфэр и «ЛIыхъужьыгъэм и гъуэгукIэ» тхылъым къитхащ**

Сэлэт гъуэгуанэ

# Рейхстагым нэсащ

**Зэманыр макIуэ напIэдэхьеигъуэу, махуэбж напэкIуэцIхэр бжьыхьэ жыг тхьэпэу кърихъэлъэлъэхыжу. КIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу зауэр зи нэгу щIэкIахэр. Си щIалэгъуэм фантастикэ рассказ гуэрым седжауэ сигу къокIыж. Абы къиIуэтэжт Хэку зауэшхуэм хэтауэ дунейм къытенэжа иужьрей ветеран закъуэм и хъыбарыр. Апщыгъуэм, пэжу, ар фантастикэ дыдэу, таурыхъыу къысщыхъут, иджы согупсысыжри, а зэманыр къэсыным куэд къэнэжакъым.**

1987 гъэм «Ленин нур» газетым сыкъыщыIухьам, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр куэдт, апщыгъуэм къалэми, къуажэ къэси дэст зауэм теухуа хъыбархэр къызэбгъэIуэтэжынрэ зи гукъэкIыжхэм ущIэдэIунрэ. А лъэхъэнэм ветеранхэм ятеухуа тхыгъэ куэди згъэхьэзырат. Абы сыфIэкIынщи, сэ срагъэджащ, садэлэжьащ зауэм хэтахэм: Байчорэ Бучай, Мамхэгъ Жыхьэбэн, Бахътыр Исмэхьил, сыщIэдэIуащ абыхэм я хъыбархэм, седжащ я къалэмым къыщIэкIа тхылъхэмрэ газетхэм къытрадза тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэмрэ... Иджы ахэр къытхэмытыжми, я сурэтыр нобэ хуэдэу си нэгу щIэтыжщ, я макъхэр си тхьэкIумэм итщ.

Дэ зэгуэрэми зыщыдгъэгъупщэнукъым зауэ гъуэгухэр зэпызычахэр, абыхэм зэрахьа лIыгъэмрэ къызэранэкIа гугъуехьхэмрэ, дунейм дытетыху дахуэарэзынущ ТекIуэныгъэр къызэрахьам папщIэ. Ар ныбжьырей фэеплъщ. Иджы къытхуэнэжыр аращи, дыщIодэIу ветеранхэм я бынхэм къытхуаIуэтэжым. Мис иджы дыдэ КIэдэкIуей Заур зауэм хэта и адэ МутIалиб теухуа тхыгъэ ди газетым и редакцэм къигъэкIуащ.

КIэдэкIуей МутIалиб 1905 гъэм къыщыхъуащ Къэрэшей-Черкесым и Хьэбэз районым хыхьэ ПсэукIэ-Дахэ къуажэм. Колхозхэр щаугъуейм абы яхилъхьащ мылъкуу бгъэдэлъар: выгур, витIыр, метр зэбгъузэнатIи 100 (10х10) зэрыхуэ, къэнжалыщхьэ зытелъ пхъэ псэуалъэр (хъумапIэр).

Икон-Хьэлъкъ районым и унафэщIхэм 1936 гъэм ар товароведу еджэну ягъэкIуащ Орджоникидзе. ЕджапIэ курсхэр къиуха нэужь, Ворошилов колхозым зэрыщылэжьар илъэс закъуэщ: МутIалиб хах ПсэукIэ-Дахэ къуажэ Советым и тхьэмадэу.

Къуажэ унафэщIым фронтым мыкIуэну тхылъ (бронь) зэриIэу, лъаIуэри, 1941 гъэм зауэм кIуащ. Щызэуащ Япэ Белорус фронтым и 44-нэ топауэ батальон щхьэхуэм. Нихусащ Берлин, яхэтащ Рейхстагым ебгъэрыкIуахэм.

Абы къыхуагъэфэща орденхэмрэ медалхэмрэ, фIыщIэ тхылъхэр бжыгъэншэщ: Хэку зауэ



шхуэм и орден, «За отвагу», «За взятие Берлина» медалхэр. Ищхьэ Главнокомандующэм и фIыщIэ тхылъхэр къыпэкIуащ Днепр, Неман псыхэм зэпрыкIын зэрыхузэфIэкIам, Литвам и Каунас къалэр, Польшэм и къалащхьэ Варшавэ, Лодз хуит къызэрищIыжам, Берлин и ипщэ-къуэкIыпIэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ нэмыцэдзэхэр зэрыхигъэщIам, Одер псым Iут нэмыцэ дзэ пакIэхэр зэхикъутэу, Берлин къуэкIыпIэмкIэ хуэкIуэ гъуэгур хуит къызэрищIам...

Зауэр иухауэ къыщыкIуэжым, Хэкум хьэлэлу къулыкъу зэрыхуищIам папщIэ къыхуагъэфэщащ Германием щыIэ оккупацэ советыдзэхэм я Главнокомандующэ Маршал Жуковрэ зауэ Советым хэт генерал - лейтенант Телегинрэ я Iэпэ зыщIэлъ ФIыщIэ тхылъ. Абы мыпхуэдэу итщ: «Совет Союзым и Совет Нэхъыщхьэм и унафэкIэ уэ дзэхэм уакъыхокIыжри, уи хэкум уогъэзэж.

Уэ къэпкIуащ зауэм и гъуэгу ин, гъуэгу хьэлъэ. Гугъуехь мащIэ уи натIэ хъуакъым. Ауэ зэхэуэхэмрэ зауэ гъуэгухэмрэ я лъэпощхьэпохэр къызэрызэбнэкIар уэркIэ лейуэ къыщIэкIакъым.

Сталиным и унафэм щIэту дытекIуащ бийхэм я нэхъ лъэщым, я нэхъ бзаджэм – Гитлер и Германием. Дзэ Плъыжьым ди Хэкум и пщIэмрэ и щхьэхуитыныгъэмрэ къызэтригъэна къудейкъым, абы хуитыныгъэр яритыжащ нэмыцэ фашистхэм я бжьым щIэхуа Европэм и лъэпкъхэм. Дэ ди насып къихьащ бийр и гъуэмбым итхуэжу, ТекIуэныгъэм и Ныпыр Берлин щытIэтыну.

А Iуэхушхуэм уэри уи хэлъхьэныгъэ Iыхьэ хуэпщIащ, ныбжьэгъу лъапIэ! ТекIуэныгъэ Иным и пэкIум деж Совет Союзым и Генераллисимусым уэ пхуэдэ зауэлIхэращ мыпхуэдэ псалъэхэр зыхужиIар: «... ахэр цIыху къызэрыкIуэщ, IэнатIэ лъагэхэр ямыIыгъыу, статусхэр ямыIэу, ауэ ахэр ди къэрал механизмыр, щIэныгъэр, хъызмэтхэр, зауэ къулыкъухэр быдэу зэрызыгъэубыд винт цIыкIущ... ахэр лъагапIэм и лъабжьэр зыIыгъ цIыхущ».

Ди Хэкум хьэлэлу къулыкъу зэрыхуэпщIам папщIэ фIыщIэ пхудощI!

Иджы уэ зауэ Iэщэр мамыр IэмэпсымэкIэ пхъуэжынущ. Дынохъуэхъу уи лэжьапIэщIэм ехъулIэныгъэ щызыIэрыбгъыхьэну! ДяпэкIи хэт ди цIыхубэ лIыхъужьым и сатыр пэрытхэм. Ди большевик парт уардэм, ди Пашэ Ин ныбжьэгъу Сталиным и унафэм ущIэту, ТекIуэныгъэм и Iуэхум зэрыхухэпхам хуэдэу, мамыр лэжьыгъэми ет уи щIэныгъэмрэ уи къарумрэ. Гъуэгу махуэ утихьэ, ныбжьэгъу лъапIэ!»

Зауэм къикIыжу и хэкум къигъэзэжа нэужь, КIэдэкIуей МутIалиб пэрыуващ зауэм зэхикъута цIыхубэ хъызмэтыр зэфIэгъэувэжыным хуэгъэза лэжьыгъэ хьэлъэм. Илъэс куэдкIэ лэжьащ зыхуеджауэ щыта «товаровед» IэщIагъэмкIэ – Ворошилов и цIэр зезыхьэ колхозым и учетчикыу.

Унагъуэ ищIащ, къуитхурэ пхъуищрэ ипIри гъащIэ гъуэгу занщIэ тригъэхьащ. 1986 гъэм дунейм ехыжащ жьыщхьэ махуэ хъуауэ, къэралми лъэпкъми я щIыхуэ къытемынауэ.

ИгъащIэкIи дигу ихунукъым апхуэдэ лIыхъужьхэм къытхуащIар. Ирепсэу абыхэм я цIэмрэ я фэеплъымрэ!

**ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ**

СВО

**ИУАН Руслан Валерэ и къуэр Черкесск къалэм щопсэу, Али-Бэрдыкъуэ къуажэм и лъабжьэр къыщожьэ. Илъэс 28-м ит щIалэм и гъащIэр къызэрыкIуэу, лэжьыгъэмрэ унагъуэмрэ зэдихьу къэгъуэгурыкIуэт. Ар ухуакIуэхэм яхэту лажьэт, шхэжт, псэут. Ауэ, абы и гъащIэм мы гъэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр къыщыхъуащ — абы мурад ищIащ зауэ операцэ хэхам (СВО) кIуэну.**

# ГъащIэм и уасэр

ЩIалэм и хьэлкIэ быдагъ зыхэлъ, шынэ зигу имылъхэм хуэдэти, тегушхуэри, зы илъэскIэ зауэ къулыкъум контракткIэ хыхьащ. И адэ-анэми и щхьэгъусэми яримыгъэцIыхуу, дэфтэрхэм Iэпэ щIидзри, къулыкъум дэкIащ.

Япэ щIыкIэ ахэр Владикавказ махуэ 20-кIэ зауэ Iуэхум щыхуагъэсащ. ИужькIэ, Украинэм щынэсами, махуи 10-кIэ егъэджэныгъэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэ къыдрагъэкIуэкIащ.

— Япэ дыдэу Украинэм егупсысакъым езыри яукIынкIэ зэрыхъунум. Абы и дежкIэ нэхъыщхьэр, уIэгъэу щылъ зауэлIыр губгъуэ нэщIым къримынэныр, ар къызэрыригъэлынрат. Мобыхэм гу къылъызыта бийм и шэр игъэувыIэтэкъым, зэпымыууэ къауэт. Къэмэхауэ зыри зымыщIэж Руслан зы тэлайкIэ зыкъыщищIэжам зыгуэрым зэрилъэфыр зыхищIащ. Бийм къаутIыпщ дрон-камикадзэхэм зыщIигъэцIэфтурэ, урыс сэлэт хахуэм уIэгъэ хъуа адыгэ щIалэр нэхъ шынагъуэнь хьэмпэмрэ лъэгуажьэм къыщыщIэдзауэ лъэкIэным нэс иIэ къупщхьэхэр цIыкIуцIыкIуу зэхигъэщэщати, гъущI халъхьэурэ зэрагъэпцIыжащ, аппарати хагъэуващ. Сымаджэщым деж гулъытэшхуэ зэрыщигъуэтар къыхегъэщ щIалэм икIи къеIэза дохутыр Iэзэхэм фIыщIэ яхуещI.

НобэкIэ Руслан и унагъуэм мазитIкIэ къагъэкIуэжауэ, и узыншагъэм щыкIэлъоплъ, хуэм-хуэмурэ къызэрызэфIэувэжыным хущIокъу.

дыщихьам, Бахмут гъуэгумкIэ дрикIуэу, гранатэхэр къытхаутIыпщхьэу щIадзащ. Абдеж къатитхуу зэтет унэхэм зыщыдгъэпщкIури, апхуэдэу дыкъызэтенащ. Ауэ гурыIуэгъуэ хъуащ псори къызэрытщыхъум хуэдэу тыншу зэрыщымытыр, — игу къегъэкIыж къулыкъум щыпэрыува зэманыр Руслан.

Къапщтэмэ, пIалъэ кIэщIщ Иуаныр абы зэрыхэтар. Ауэ, абы къриубыдэу гъащIэ псом ухэзыгъэплъэж Iуэхугъуэ куэдым ирихьэлIащ.

ЗауэлIхэм я псэукIэр зэрымыпсынщIэр, арами, абыхэм къикIуэт ямыIэу къапэщылъ къалэнхэм зэрыпэрытри жеIэ абы. ИгъащIэкIи щымыгъупщэжыну игу къинауэ къыщIэкIынщ ар уIэгъэ щыхъуа махуэр. Апщыгъуэм командирым хъыбар къыIэрагъыхьащ Руслан зыхэт ротэр зауэ гуащIэ здыщекIуэкI щIыпIэм нэсыну. ПсынщIэу заужьри, ягъэлъэгъуа щIыпIэмкIэ яунэтIащ. ТIурытIурэ жыхуаIам екIуалIэу щIадзащ. Километр 1,5-рэ абыхэм къызэранэкIауэ, шынагъуэ гуэрми гу лъамытэу здэкIуэм, пилотыншэ аппаратым лагъым пылъу Руслан и лъакъуэм пэгъунэгъуу къэлъэтащ, зэуи щIалэм и лъэр щIиудащ. Абы щIыгъуа ди хэкуэгъу щIалэри абдеж уIэгъэ щыхъуащ. Зыр зым иужь иту лагъымхэр къехуэхт. УIэгъэ хьэлъэ зыгъуэта Руслан пымэхыкIмэ зыкъищIэжурэ дакъикъэ 15-м нэскIэ щылъащ. Ротэм хэт гупри куэдкIэ япэжыжьэтэкъыми, зэрыпсэур къалъагъун папщIэ, щIалэхэм Iэ ящIа щхьэкIэ, гу къылъатакъым. Езыхэми а дакъикъэм икIуэтыжын къахудэхуащ.

И гъащIэр абдеж къыщигъэнауэ къызыщыхъуа щIалэм и гур кIуэдыпат. Ауэ, аратэкъым зэриухар.

Я батальоным хэт, ауэ нэгъуэщI гупым щыщ урыс щIалэ ныбжьыщIэм абы гу къылъитэри, уIэгъэу щылъ щIалэм къыбгъэдэпщхьащ. «Зауэр лIыгъэ гъэунэхупIэщ» жыхуаIэр мы сэлэт гуейм и деж щынэрылъагъущ. АтIэ, а дакъикъэхэм ар



шэ щIыпIэм — езыр зыхэт гупыр здэщыIэм нилъэфэсащ. УIэгъэ хъуахэр машинэм ирагъэгъуалъхьэри, лагъым къехуэххэр зытрамыгъахуэурэ, медицинэ дэIэпыкъуэгъу здыщагъуэт щIыпIэм ирашэлIащ. Абдеж уIэгъэхэм япэ дэIэпыкъуныгъэр ирагъэгъуэтри, вертолеткIэ Ростов къалэм дэт сымаджэщым нашэсащ. Апхуэдэу, урыс щIалэм и фIыгъэкIэ, ди лъэпкъэгъум и гъащIэр къызэтенащ.

Руслан гущIыхьэшхуэ щыхъуащ икIи уIэгъэшхуэу и гум къытенащ езыр ажалым къезыгъэла зауэлIыр, ныбжьыщIэ хахуэр иужьрей махуэм уIэгъэм зэрилIыкIар.

Лагъым къэуам и пкъыгъуэхэр зытехуа зауэлIым и лъакъуэм дохутырхэр гугъу дехьащ. Абы и лъэт-

ЩIалэм и нэгу щIэкIа къэхъукъащIэхэм и псэукIэкIи, и гупсысэкIэкIи зэхъуэкIыныгъэ къызэрыхилъхьам шэч хэлъкъым.

— ГъащIэм и уасэр абдежщ здызыхэпщIэр. Псэуныгъэм хууиIэ бгъэдыхьэкIэм зимыхъуэжу хъунукъым, абы нэгъуэщIынэкIэ Iэмал имыIэу урегъэплъ. Сыту жыпIэмэ, зауэ лыгъэм деж уи гъащIэр зыми и уасэкъым... напIэзыпIэщ ар, — жеIэ щIалэ хахуэм.

НыбжьыщIэм и узыншагъэр зэтегъэувэжынымкIэ кърата пIалъэр иухмэ, зэгурыIуэныгъэ ищIам ипкъ иту, Хэкур хъумэным пэрыувэжынущ. ЩIалэр зыпхыкIа гуауэм иужькIэ, унагъуэмкIэ ар къызэрымыкIуэу хьэлъэу щытми, ар абы и къалэну къелъытэ.

**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

ЩапхъэгъэлъагъуэЭ

# ПIапIшу зэкъуэшхэр



Сэхьид



Мухьэз



Мухьэмэд

ТекIуэныгъэм и Махуэшхуэр къыщыблагъэ пIалъэхэм нэхъри нэхъ хуабжьу гукъэкIыжхэм уахьыж зауэшхуэм и нэщIэбжьэ зыгъэвахэм я деж. Дапщи ишэчыфрэ цIыхугум, армыхъумэ, сыт хуэдэ пщалъэкIэ къэппщытэфыну а зэманым псэуа дэтхэнэми къалъыкъуэкIа псэемыблэжыныгъэр! Ирехъу ар зауэ губгъуэм ита сэлэт е абы я щIыбагъым къыдэта гуащIэрылажьэ! А тIуми зэгъусэу къызэдаIэта хьэлъагъэрат ТекIуэныгъэр къэзыгъэгъунэгъуу, фашизмэм и блащхъуэжьейр и гъуэмбым щизыукIыхьыжари, абы зэхиджа-зэхикъутар зэхэзыхыжу адэкIэ къэралыр щIэрыщIэу зэфIэзыгъэувэжари.

Зауэм и пэщIэдзи, абы къыкIэлъыкIуа пIалъэ псэзэпылъхьэпIэхэри сабиигъуэкIэ, ныбжьыщIэгъуэкIэ я нэгу щIэкIащ куэшхьэблэдэс зэкъуэшхэм, ПIапIшухэ Сэхьид, Мухьэз, Мухьэмэд сымэ.

Зеикъуэ щыщ ПIапIшу ХьэпIатI и къуэ Исмел къуих къыхуалъхуат: Хьэмид, Мэжид, Мухьэдин, Сэхьид, Мухьэз, Мухьэмэд жэуэ. НэхъыжьиплIыр къыздэхъуар Зеикъуэт. 1925 гъэм щIапIэщIэм къэкуэшам Исмел и унагъуэри ящыщт. ЩIалэ нэхъыжьхэм унагъуэ здащIар хапIэщIэращ.

Ауэрэ мафIэ къызыпылъэлъ 1941-рэ илъэсыр къыщыблагъэм, Хьэмиди, Мэжиди, Мухьэдини фронтым япэу Iухьахэм яхэхуащ, Сталинград и Iэхэлъахэм щекIуэкI зэхэуэ гуащIэхэм хэкIуэдащ. Нобэ Мамай Iуащхьэ тет фэеплъ сыным и пхъэбгъухэм тет цIэ бжыгъэншэм ПIапIшухэ зэкъуэшищми я цIэр яхэтщ.

Къуажэм къыдэна зэкъуэшхэм нэхъ къахэжэпхъыкIар Сэхьидти, щIалэщIэ дыдэти, и къуэ нэхъыжьищым я хъыбар гуауэр къызыIэрыхьа анэр аргуэру шыгъушыпсым хэуват.

«Куэш-Хьэблэ къуажэкум ит совет къулыкъущIапIэ унэр ихъумэу ди анэр Iусат» - жиIэжт Сэхьид.

Жэщищ-махуищ щрихьэкIат уполномоченнэхэр къакIуэмэ, унагъуэм щIэгъэкъуэну къыхуэна щIалэ нэхъыжь закъуэр зауапIэм ямышэну елъэIуну. АрщхьэкIэ щIалэр ирашэжьагъэххэт, Невинномысск станцым и деж мафIэгум итIысхьагъэххэу нэмыцэ кхъухьлъатэм къатригъэлъэлъам я мафIэгур хисыхьат. Япэрей мафIэ лыгъейр зи щIыфэкIэ зыхэзыщIа щIалэщIэм и гъусэ куэд дыдэ хэкIуэдат, езы Сэхьиди фэбжь хихауэ къигъэзэжат.

ИлъэсипщIым ерагъыу блэкIа щIалэ цIынэт Мухьэзи. Фашистхэр къэгъунэгъуащ жаIэу щызэхахам, нэхъыжьхэм я гъусэу колхоз Iэщ гуартэхэр Къущхьэхъу быдапIэм яхури щагъэпщкIуат. Ахэр абдеж зезыхьэ Iэщыхъуэхэм щIэгъэкъуэн пэж яхуэхъуу тесат бийр щIыналъэм ирахужыхукIэ. Мухьэмэд нэхъри нэхъыщIэж пэтми, арныбжь зиIэ адэ-анэм я дэIэпыкъуэгъут.

ИужькIэ мамыр гъащIэм щыгъуэ дзэм къулыкъу щащIэжат илъэс щырыщкIэ, дунейм тетыху гъэмахуи щIымахуи губгъуэрылажьэу, механизатор пэрыту, зэхьэзэхуэхэм хэтхэр зратхэ пхъэбгъухэм зэкъуэшищми я цIэхэр япэрей сатырхэм иту къекIуэкIащ. Абыхэм я щыхьэтщ къэралым гулъытэ къазэрыхуищIа нагъыщэу нобэ я унагъуэхэм къинахэр. ТIысыжа нэужьи, я бынхэм къащIэхъуэжам я щIэгъэкъуэн щыпкъэт, нэхъыщIэхэм я гуфIэгъуи хэплъэжахэщ.

Зауэм зи гъащIэр хэзылъхьа къуэш нэхъыжьищми яхуэфащэу, къащIэува шынэхъыщIищми я цIэ фIыкIэ жаIэу, хэгъуэгу зэхуэмыдэхэм къыщацIыхуу IэнатIэфIхэр зыIыгъ щIэблэхэр яIэщ. Нобэ абыхэм я гъащIэ щапхъэгъэлъагъуэр яхуэфащэщ зи щIалэгъуэр зауэм илыпщIа адэ-анэхэм.

**КЪАРДЭН Заремэ,**
**КъЧР-м щIыхь зиIэ**
**и журналист**

ЛъэпкъIуэху

# Зауэ лыгъэм имылыпщIыфа лъагъуныгъэ

Илъэс куэд хъуащи, «Черкес хэку» газетым (ипэкIэ дыIэбэжмэ — нэгъуэщI фIэщыгъэцIэхэм щIэтахэми) срищIэджыкIакIуэщ.

Али-Бэрдыкъуэ, Щэрмэтхэ сыкъыщыхъуащ. Си анэ-адэми газетыр я щIасэу, зы Iэпэ щIэдзыгъуэ бламыгъэкIыу, зы къыдэкIыгъуэ дамыгъэхуу, сыт щыгъуи щIыгъуахэщ. Бынми ар щапхъэ тхуэхъури, ди лъэпкъыбзэ газетыр фIыщэу тлъагъуу дыкъэтэджащ, иджыри апхуэдэщ.

Абы и щыхьэту, си гум нэхъ хэпщIэу, си псэм нэхъ епщIылIэу газетым къытехуа тхыгъэхэр илъэс зэхуэмыдэхэм зэхуэсхьэсурэ къекIуэкIащ. ТекIуэныгъэ Махуэшхуэм хуэкIуэу, абыхэм сахэплъэжри, зы къахэсхыжащ. Ар зытеухуар урыс, ауэ адыгэ лъэпкъым и зы нэрыбгэ хъуауэ ди къуажэ дэса бзылъхугъэщ. Ар си щхьэкIэ сэри сцIыхуу щытащ. Пэжщ, си цIыкIущхьэщ ар зытехуар. Арами, и цIыхугъэкIэ, и IэщIагъэкIэ а бзылъхугъэр зыцIыхуа, ди гум ноби ныжэби имыхухэм сащыщщи, сыхуейт и хъыбар «Черкес хэку»-м иджыри зэ къытехуэжыну. «Иджыри зэ» щIыжысIэр щхьэусыгъуэншэкъым. ЗэрыжысIащи, къэсщтэжащ 2022 гъэм къыдэкIауэ щыта «Черкес хэку» газетыр. Абы тетщ газетым щылэжьа журналист, тхакIуэ гъуэзэджэу къытхэта, си къуажэжь къыщыхъуа Абытхэта, си къуажэжь къыщыхъуа АбытIэ Владимир тхьэмыщкIэм и IэдакъэщIэкI хъыбар гуапэр.

Тхыгъэр цIыкIукъым, абы къыхэкIыу псори дыдэ къытезмыгъэзэжми, зытеухуам и фIыщIагъэхэр, гъащIэ къэхъукъащIэхэр нэхъ къыздыхэщыжхэм хуэдгъэзэжынщ.

Жантемыр Александрэ. Аращ зи цIэ исIуэну сызыхуейр. Ар апхуэдизымкIэ къуажэм, адыгэхэм яхэшыпсыхьати, тхьэм ирещIи, урысым къазэрыхэкIар къуажэм дэсхэм ящыгъупщэжагъэнт. Апхуэдэ щIыхьыр абы къилэжьат и лэжьэкIэкIи, и цIыхугъэ лъагэкIи.

Мыбдеж сигу къокIыж Жантемырым сызэрырихьэлIауэ щытар. Е 3-нэ классым сыхэсу, сымышхыпхъэ гуэр сшхыри, хьэлэчу сызэIыхьауэ сымаджэщым сашат. Нобэр къыздэсым соцIыхуж Александрэ апщыгъуэм бэлыхьу къыздилъэгъуамрэ зэрысымаджэщу къызэрыскIэлъыригъэжыхьамрэ. Дауэ имыщIами, сыт хуэдизу гугъу къыздемыхьами, лIапIэм сыкъримышу скIэрыкIакъым апщыгъуэм.

Жантемыр Александрэ къыщыхъуари, и щIалэгъуэм нэсыхункIэ здэпсэуари Ленинградщ. Псоми яхуэдэу, пщащэр фIым, къэкIуэну нэхум хуэхъуапсэу, мурадхэр триухуэу псэут. Къалэм дэт мединститутым и студент нэхъыфIхэм хабжэу еджэт. Ауэ и анэ тхьэмыщкIэр дунейм щехыжым,



унагъуэм щIэгъэкъуэн хуэхъун хуей хъури, лэжьэн щIидзащ, и еджэнри абы дихьу. 1940 гъэт ар. Илъэс дэкIыу Хэку зауэшхуэр къыщежьэм, зи гъащIэр зэпигъэзахэм ящыщ зы хъуащ урыс пщащэр. Ленинград бийм ирищIылIа блокадэм химыубыдами, лэжьэну здагъэкIуа щIыпIэм пщащэм етIысэхыгъуэ имыIэу ищIэн щигъуэтт. Зыщылажьэ госпиталым уIэгъэу щIэлът адыгэ щIалэ — Жантемыр Мусэ. НыбжьыщIэхэм я зэныбжьэгъугъэр куэд мыщIэу лъагъуныгъэ дахэу зэщIэплъащ икIи я гухэлъ зэщаубзыщIакъым. Пэжщ, Александрэ тешыныхьт адыгэ щIалэм къызыхуигъэзэжын, къыпэплъэ щхьэгъусэ, бын иIэкIэ. Ауэ, абы и жэуапу Мусэ хъыджэбзым и гур игъэпсэхужащ, бынунагъуэ зэримыIэр жриIэри. Куэд мыщIэу унагъуэ зэдащIащ икIи, Александрэ адэкIэ и къулыкъукIэ фIыуэ зэрыдэкIуеифынуми, имыцIыхуххэ лъэпкъым къазэрыхыхьэнуми, я бзи, я хабзи зэрызригъэкIуэнуми щымышынэу, и щхьэгъусэм щIыгъуу ди лъахэм къэкIуащ икIи зэгуэрми хущIегъуэжакъым. ЗэхуащIа тхьэлъанэм тету зэгъусэу, зэгурыIуэу, зэдэIуэжу зэдэпсэуащ Мусэрэ Александрэрэ. Абы къинэмыщIауэ, пасэу дунейм ехыжауэ щыта, Мусэ и щхьэгъусэм къыщIэна Аслъэмбий анэ хуэхъуфащ.

Жантемыр Александрэ и гъащIэ псом щылэжьащ Хьэбэз район сымаджэщым. УнафэщI IэнатIэр къыщыхуагъэфэщаи щыIащ, ауэ езым идакъым. Абы къилъытэт унафэщIыным нэхърэ цIыхухэм я узыншагъэр егъэфIэкIуэным, гъэхъужыным пылъыныр нэхъ къытегъэпсыхьауэ.

Мис апхуэдэу адыгэм къахыхьа Александрэ къуэбынбжьэбын хъуащ, и бынхэри, абыхэм я быныжхэри зэщIипIыхьащ, я лъэ быдэу тригъэуващ. И мылъхукъуэ Аслъэмбий езым и лъэужьым ирикIуащ, медицинэр къыхихри. И гуащIэрати, лIыщIыгъуэ нықъуэм щIигъу медицинэм, къызыдыхьа къуажэм хуигъэтIылъащ, илъэс зэхуэмыдэхэм къыхуагъэфэщащ ТекIуэныгъэм и цIэкIэ, и гуащIэдэкI хьэлэлым папщIэ ЩIыхь дамыгъэ, нагъыщэ куэд дыдэ, «ГуащIэдэкIым и ветеран», «Узыншагъэр хъумэн гуащIэдэкIым и отличник» щIыхьыцIэхэр зэрихьащ.

Мусэ нэхъ пасэу дунейм ехыжащ. Александрэ и ныбжьыр хэкIуэтауэ, и узыншагъэкIи лъэрымыхь щыхъум, и пхъум къалэм къишэжри бгъэдэсащ, ауэ зэгуэрми и анэм къуажэр игу зэримыхуар жиIэжт ипхъу Катя. Абы нэмыщIу, къелъэIут муслъымэн хабзэм тету псори кIэлъызэрахьэу, къуажэкхъэм деж, Мусэ бгъуралъхьэжыну. ИкIи 2000 гъэм Александрэ дунейм щехыжым, анэм и уэсятыр быным ягъэзэщIащ.

Жантемыр Александрэ хуэдэхэм я щапхъэм щIэблэр щIэпIыкIыпхъэщ. А зы цIыхум, бзылъхугъэ IэмащIэлъэмащIэм, ауэ псэ, гу къабзагъэшхуэрэ къаруушхуэрэ къызыкъуэкIам, хузэфIэкIар куэдым тхузэфIэмыкIынщ: и гухэлъ къабзэр зауэм пхырихащ, щымыщ лъэпкъым щыщ зищIыфащ, лъэпкъзэпх яхуэхъуащ урысхэмрэ адыгэхэмрэ — Мусэрэ езымрэ къызыхэкIахэм.

**ХЪУБИЙ (ЩЭРМЭТХЭ япхъу) Iэминат,**
**Инжыджышхуэ къуажэ курыт еджапIэм инджылызыбзэмкIэ**
**и егъэджакIуэ**

Пшыхьым къикIыу

# «ГъащIэ щыIэн папщIэ»

**Апхуэдэ щхьэщIэдзапIэм щIэту Черкесск къалэм дэт, Байрамуковэ Хьэлимэт и цIэр зезыхьэ республикэ библиотекэм пшыхь щекIуэкIащ. Ар къызэрагъэпэщащ библиотекэм и хъыбарегъащIэ-библиографическэ къудамэм и лэжьакIуэхэм**


КЪАРДЭН Уэхьид


ШОРЭ ЛутI

Зэхыхьэм къеблэгъащ Хьэбэз муниципальнэ районым и администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Унэж Рэмэзан, журналистхэу Дэбагъуэ Хьэтызэрэ Къардэн Заремэрэ, усакIуэ Братхэ Мурат, Хьэбэз район библиотекэм и унафэщI Дэбагъуэ Фатимэ, ПсэукIэ-Дахэ курыт еджапIэм и пашэ Кубановэ Iэминат, СКкъА-м ику ит IэщIагъэ къыздыщIах и колледжым щеджэ студентхэр, нэгъуэщIхэри.

Къызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, КъЧР-м и цIыхубэ тхакIуэ, литературэмрэ гъуазджэхэмрэкIэ КъЧР-м и Iэтащхьэм и саугъэтым и лауреат Шорэ Ахьмэд и Iэдакъэм къыщIэкIа тхылъыщIэхэм: «Герой из аула Псаучье-Дахе» («ПсэукIэ-Дахэ къуажэм и ЛIыхъужь»), «Один из тех...» жыхуиIэхэм. Япэ тхылъыр теухуащ Урысей Федерацэм и ЛIыхъужь Къардэн Уэхьид, етIуанэр тхакIуэм и адэ Шорэ ЛутI Къамболэт и къуэм триухуащ.

Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъу къызэхуэсахэр дакъикъэкIэ щыгъуащ, лIыкIуэ гуп къахэкIри, Черкесск къалэм дэт, ТекIуэныгъэм и Паркым ит, Къардэн Уэхьид и фэеплъ сыным и пащхьэм удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ.

Библиотекэм и хъыбарегъащIэ-библиографическэ къудамэм и унафэщI Уракчиевэ Н. пшыхьыр къызэIуихащ усакIуэм и тхылъхэр къыщыхьа гъэлъэгъуэныгъэмкIэ. Зэхыхьэр щекIуэкIа пэшым щагъэуват Ахьмэд и усэ тхылъхэр щызэхуэхьэса дапхъэ. Уракчиевэм жиIащ Ахьмэд и IэдакъэщIэкIхэм зауэ Iуэхугъуэм увыпIэфI зэрыщаубыдыр, абы щхьэусыгъуи зэриIэр. АтIэ, ди къэралышхуэм зы унагъуи ису къыщIэкIынкъым Хэку зауэшхуэм и гузэвэгъуэр зылъэмыIэсарэ абы и бэлыхьхэр зымышэчарэ. Абыхэм яхуэдэщ Шорэхэ я унагъуэри. Ахьмэд и адэ ЛутI Къамболэт и къуэр 1942 гъэм фронтым кIуащ, лIыгъэ хэлъу зауэм хэтащ, ауэ псэууэ зыхэкIа унагъуэм къахыхьэжакъым. Адэр зылъагъуну, гу щызыхуэну зи насып къимыхьа усакIуэм и гурыщIэхэр и усэхэмкIэ къиIуэтащ.

Псалъэ зрата Ахьмэд кIэщIу къытепсэлъыхьащ Къардэн Уэхьид къилъэща лIыхъужьыцIэр зэфIэгъэувэжа хъуным хэлъхьэныгъэ хуищIам, абы папщIэ игуэщIа лэжьыгъэм, я гугъу ищIащ абыкIэ щIэгъэкъуэн къыхуэхъуахэм.

— 1996-1997 гъэхэм ди хэкуэгъу, ПсэукIэ-Дахэ къуажэм къыдэкIа Къардэн Уэхьид Хэку зауэшхуэм щызэрихьа гуеигъэм папщIэ «Совет Союзым и ЛIыхъужь» нагъыщэр къыхуагъэфэщэну и цIэр къраIуауэ зэрыщытам и хъыбар ди хэгъуэгум къыщекIуэкIт. Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу Ахъмэт Мухьэдинрэ Байчорэ Бучайрэ мы Iуэхум и ужь ихьащ. Абыхэм зыхуагъэзащ а лъэхъэнэм республикэм и Правительствэм и тхьэмадэу тета Уэз Анатолэрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ, цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмрэ печатымрэкIэ и министр Жэгуэтэн Эдуардрэ. Тхьэм щхьэкIэ, унафэщIхэри мы Iуэхум и ужь ихьащ, а дэфтэрхэр къагъуэтыжыну Москва и гъунэгъу Подольск къалэм щыIэ архивым ягъэкIуэн къалъыхъуэу щIадзащ. А IуэхумкIэ зыкъыщысхуагъазэм, сеувэлIащ. Журналист Чкалов Георгий си гъусэу, Подольск дыкIуащ. Абдеж жьы дыдэ хъуа, гъуэжьыфэ къызыщIэуа тхылъымпIэ мащIэкъым щызэдгъэзэкIар. «Зы дэфтэри дымыгъуэтауэ дауэ дгъэзэжыну?» — жытIэри, зэ щхьэ ди гур кIуэдыпат. АрщхьэкIэ, «мыбы нэс дыкъыщыкIуакIэ, пщэрылъ къытхуащIар дымыгъэзащIэу дыкIуэжынукъым», — мурад тщIыри, дэфтэрхэр къэдмыгъуэту дыувыIакъым. Ди лъэпкъэгъу щIалэм Совет Союзым и лIыхъужьыцIэр къызэрыхуагъэфэщам щыхьэт техъуэ тхылъымпIэр къыщыдгъуэтам, абы дызэрыщыгуфIыкIар псалъэкIэ къэIуэтэгъуейщ, — игу къигъэкIыжащ Шорэм.

Апхуэдэу, Шорэ Ахьмэд и фIыгъэкIэ, ЛIыхъужьыцIэр зейм лъысыжащ. Хэкупсагъэ, лъэпкъыпсагъэ зэрихьам папщIэ, Ахьмэд «ПсэукIэ-Дахэ къуажэм щIыхь зиIэ и цIыху» цIэр къыфIащащ. Абы зэрыригушхуэр Шорэм пшыхьым къыщыхигъэщащ.

ИужькIэ псалъэ зрата Къардэн Заремэ къытепсэлъыхьащ Къардэн Уэхьид и гъащIэм икIи фIыщIэ хуищIащ пшыхьыр къызыхузэрагъэпэща усакIуэм и гуащIэдэкI лэжьыгъэм папщIэ.

УсакIуэ Братхэ Мурат къытеувыIащ Шорэм и тхыгъэхэм дэтхэнэ цIыхури, сыт хуэдэ щытыкIэм имыхуами, цIыхуу къэнэжыныр, лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэ нэхъыфIхэм хуэфэщэжу, щыпкъагъэ хэлъу, и щхьэ Iуэху папщIэ цIыху напэр хэутэн имыщIу дэтхэнэри псэуныр нэхъыщхьэу къызэрыхэщыр. ЖиIащ лъэпкъ напэмрэ щIыхьымрэ, цIыхугъэмрэ нэмысымрэ, гуапагъэмрэ хьэлэлыгъэмрэ гулъытэшхуэ зэрахуищIыр.

«Шорэ Ахьмэд щапхъэ мэхъу. И къалэмыр къызыхуищтэр дахагъэщ, къабзагъэщ, пэжыгъэщ. Аращ и псалъэхэр цIыхугум тыншу щIынэсыр, щIызыхищIэр!» — жаIащ дэтхэнэ къэпсэлъами.




Гуапэ тщыхъуащ пшыхьым щIалэгъуалэр куэду къызэрекIуэлIар. АтIэ, хэкупсагъэ-лъэпкъыпсагъэ мыхьэнэ зиIэ мыпхуэдэ зэхыхьэхэм щIалэгъуалэр къыхэшэным, псалъэ ущиехэм, ди лIыхъужьхэм зэман зэхуэмыдэхэм зэрахьа лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ щIэгъэдэIуным, ди цIыху цIэрыIуэхэм я щIэныгъэ-лэжьыгъэм щапхъэ трегъэхыным сэбэп къахьынущ, ныбжьыщIэхэм я гупсысэ къэуухьым зрагъэубгъунущ, хэкупсэ-лъэпкъыпсэу щытын зэрыхуей гурыщIэр къыхуагъэушынущ.

Унэж Рэмэзан щIалэгъуалэм еущияш хэкупсэ-лъэпкъыпсэу щытыну, адэжьхэм, ди нэхъыжьхэм нобэ дызыхэпсэукI мамыр гъащIэр, я псэр яткIэрэ, тыгъэ къызэрытхуащIар зыщамыгъэгъупщэну, абыхэм яхуэфэщэжу зытет гъащIэ дахэр къагъэщIэну.

— Си гуапэщ нобэрей зэIущIэм сыкъызэревгъэблэгъар. Пшыхьым къыщаIэта псалъэмакъым мыхьэнэшхуэ иIэщ щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ зыбгъэдэлъ щIэблэ узыншэ къытщIэтэджэнымкIэ. Ди лIыхъужьхэр, ди цIыху цIэрыIуэхэр я щапхъэу щIалэгъуалэр къретэдж, — жиIащ Унэж Рэмэзан икIи Хьэбэз районым и администрацэм и Iэтащхьэм, и щхьэкIэ къабгъэдэкIыу Шорэ Ахьмэд ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэ иIэу къару нэскIэ лъэпкъым хуэлэжьэну, фIыщIэ яхуищIащ пшыхьыр къызэзыгъэпэщахэми абы къеблэгъахэми. ЩIэблэм захуигъэзащ апхуэдэ ди нэхъыжьыфI-лIыхъужьхэм сыт хуэдэ лъэныкъуэгъазэкIи къытхуагъэна щIэин дахэр яхъумэну.









Къардэн Уэхьид и цIэр зезыхьэ ПсэукIэ-Дахэ курыт еджапIэм и унафэщI Кубановэ Iэминат къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ УФ-м и ЛIыхъужьым и гъащIэм, и къекIуэкIыкIам. ЖиIащ абы и цIэр мыкIуэдыжыну кавказ лъэпкъхэми, зэры-Урысейуи я тхыдэм къызэрыхэнар.

— Уэхьид фIыщэу илъагъуу щыта гъащIэр йокIуэкI. Апхуэдэ ди зауэлI хъыжьэхэм я фIыгъэкIэ, дэ дыпсэущ, мамыр гъащIэм дыхопсэукI. Абыхэм я фэеплъыр хъумэныр ди къалэнщ. Къардэн Уэхьид къуажэдэсхэм зыщагъэгъупщэкъым. Абы и цIэр къуажэм и зы уэрамым фIащащ, и цIэр еджапIэм зэрехьэ, лIыхъужьым и цIэр щопсэу къуажэдэсхэм я уэрэдхэмрэ я усэхэмрэ. Ину щхьэщэ яхудощI мамыр гъащIэр тыгъэ къытхуэзыщIахэм! — жиIащ Кубановэ Iэминат.

Шорэм и етIуанэ тхылъыр зытриухуа и адэ ЛутI Къамболэт и къуэр зауэм зэрыхэтам, абдеж и гъащIэр зэрыщитам, щхьэгъусэр, адэр зыщIэлъ къуэшыкхъэр унагъуэм къызэрагъуэтыжа щIыкIэм къытепсэлъыхьащ Дэбагъуэ Фатимэ. Абы жиIащ щIэныгъэрэ гъэсэныгъэ нэсрэ зыбгъэдэлъа нэхъыжьыфIым бын хьэлэмэтхэр, лъэпкъым и къуэ щыпкъэхэр къызэрыщIэнар.

Дэбагъуэ Хьэтызэ къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ Шорэхэ я унагъуэм нэIуасэ зэрахуэхъуам. ЖиIащ Ахьмэд и къуэш нэхъыжь Борисрэ абы и щхьэгъусэ Гуащэрэ Али-Бэрдыкъуэ къуажэ курыт еджапIэм зэрадэлэжьар.

— Апщыгъуэм Ахьмэд иджыри сцIыхутэкъым. Ахьмэдрэ сэрэ нэIуасэ дыщызэхуэхъуар 1987 гъэращ, «Ленин нур» адыгэ газетым лэжьэн щыщIэздзаращ. Сэ гуапэ сщыхъуащ Шорэ Ахьмэд жэуаплыгъэ зыпылъ пщэрылъыр – Урысейм зыхъумэжыныгъэмкIэ и Министерствэм и военнэ архивым ди хэкуэгъу Къардэн Уэхьид ехьэлIа дэфтэрхэр къыщигъуэтыжыну дзыхь къыщыхуащIам. ИужькIэ, Ахьмэд ди ЛIыхъужьым ехьэлIа дэфтэрхэм зэрылъыхъуам и гугъу къытхуищIыжащ, ди хэкуэгъу Къардэн Уэхьид къилэжьа ЛIыхъужьыцIэр зэрыхуагъэфэщэжамкIэ хъыбарыр ди хэгъуэгум къыщыдэкI газетхэм къытрадзащ. Зэман текIри, «Герой из Псаучье-Дахе» тхылъыр дунейм къытригъэхьащ. Абы сэри си тхыгъэ ихуащ.

Си гуапэщ тхыдэ пэжыгъэр зэрызэфIэувэжар, иджы ЛIыхъужьым и цIэр ящыгъупщэнукъым. Шорэ Ахьмэд сохъуэхъу узыншагъэрэ гъащIэ кIыхьрэкIэ! — жиIащ Дэбагъуэ Хьэтызэ.

ЗэIущIэм щыIуащ зауэм теухуа усэхэр, тхыгъэхэр, пшыхьыр зытраухуа усакIуэмрэ Къардэн Уэхьидрэ ятеухуа видеонэтын кIэщIхэр къагъэлъэгъуащ. Апхуэдэу, колледжым и студенткэхэу: Кочкаровэ Элинэ къеджащ адыгэ щIалэ-лIыхъужьым зэрихьа лIыгъэм теухуа архив тхыгъэм, Корнеевэ Аланэ утыку кърихьащ Уэхьид и унагъуэм иужьрейуэ къахуитха письмор, Шорэ Ахьмэд «Руки отца», «Отец» и усэхэм къеджащ Ажий Сарэрэ Тебуевэ Айшэтрэ, усакIуэ Плотников Александр и «Ода солдату» усэм гукIэ къеджащ Багдановэ Олеся.

Пшыхьыр ягъэдэхащ КъЧР-м и къэрал филармонием и уэрэджыIэ Думэныщ Лианэрэ пшынауэ цIэрыIуэ Чырбыж Зулетэрэ. Абыхэм ягъэзэщIащ зауэ уэрэдхэр.

Дауэдапщэм икIэм, зэхуэс гуапэм хэтахэм щIыхь тхылъхэр яхуигъэфэщащ библиотекэм и унафэщIым и къуэдзэ Мамты Майе икIи фIыщIэ яхуищIащ пшыхьым къызэреблэгъам, кърахьэжьа Iуэху дахэр зэрыдаIыгъам папщIэ.

**ЕЗАУЭ Маринэ**

«Сад памяти» Лъэпкъыбэ акцэр

# Фэеплъыр ужьыхкъым

ИлъэсиплI хъуауэ ди къэралым къыщокIуэкI «Сад памяти» Лъэпкъыбэ акцэр. Абы хэтщ Урысей Федерацэм и хэгъуэгу къэс, къинэмыщIауэ — ди къэралым къыгуэт, къыдэзыщтэ къэралыгъуэ 35-рэ.

Илъэси 4-м къриубыдэу, акцэм хэлэжьыхьащ цIыху мелуани 5-м щIигъу икIи жыгыщIэ цIыкIу мелуани 100 хасащ. Абы щыщу КъЧР-м мини 100 щагъэтIысащ.

Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм, иджы — СВО-м зи щхьэ щызыгъэтIылъахэм, я фэеплъу, зауэлI хъыжьэхэм я хахуагъэм и нагъыщэу илъэс къэси жыгыщIэ цIыкIуу мелуан 27-м щIигъу хасэ. Акцэм нэгъуэщI муради и лъабжьэщ — жыгхэр нэхъыбэ щIын, мэзхэр зэфIэгъэувэжын.

СВО-м хэт ди хэкуэгъу зауэлIхэм я унагъуэхэм мы гъэм хуагуэшащ псынщIэу зызыужь лIэужьыгъуэм хуэдэ мыIэрысей жыгыщIэ цIыкIу 1200-рэ.



«Сад памяти» акцэм ипкъ иту, республикэм и щIыпIэ зэхуэмыдэхэм жыгыщIэ цIыкIухэр щыхасащ илъэс зэхуэмыдэхэм. Псалъэм папщIэ, газетыр ирогушхуэ БотэщIей къуажэ курыт еджапIэм "туя" жыгыщIэ цIыкIухэр щыхасэм дызэрыхэтам. Ар тхыдэ къэхъукъащIэу къыдолъытэ. АтIэ илъэс зытIущ текIыжа нэужь, жыгыщIэхэр ин хъуауэ, еджапIэ пщIантIэри, Iэхэлъахэри ягъэбжьыфIэу долъагъури, Iуэху угъурлыми, ар зытеухуауэ щыта къэрал тхыдэ Iыхьэми — ТекIуэныгъэм и Махуэм — дрегъэгупсыс. Апхуэдэ къабзэщ мы еджапIэм щеджэ щIэблэри.

Мы гъэм мэлыжьыхьым и 19-22 махуиплIым къриубыдэу жыгыщIэ цIыкIуу мини 9 ди республикэм щыхасащ. Апхуэдэ лэжьыгъэхэм жыджэру хэтащ волонтер мин 1,5-м щIигъу.

ЛIыгъэмрэ гуеигъэмрэ я фэеплъ акцэм и Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэр Карачаевск къалэм къыщагъэщIа хытIыгу ЩхъуантIэ паркыщIэм мэлыжьыхьым и 27-м щрагъэкIуэкIащ.

Акцэм хэтащ СВО-м хэкIуэда зауэлIхэм я унагъуэ 11, Правительствэм, властым, къулыкъу зэхуэмыдэхэм я лIыкIуэхэр.

# Акцэм щIэблэм пещэ

Дыхуейщ щхьэхуэу дыкъытеувыIэну хэкупсэ, лъэпкъыпсэ лэжьыгъэр сыт щыгъуи зэпымыууэ, фIагъ лъагэ иIэу здекIуэкI, Черкесск къалэм дэт, зи № 18 гимназием. НэхъыщIэ дыдэ классхэм щегъэжьауэ 11-нэм кIуэхэри хэту, егъэджакIуэхэри, анэ-адэхэри ящIыгъуу гимназием и пщIантIэм щыхалъхьащ удз гъагъэ дахащэ — китайская роза-гибискус жыхуиIэм хуэдэ гуэрэнхэр. Абыхэм я бжыгъэр 18 мэхъу икIи ар ауэ сытми къыхахакъым, атIэ гупсысэ куу хэлъщ.

— Ди гимназиер зыхиубыдэ «Медсанчасть» районыр икъукIэ бейщ лIыхъужьхэмкIэ, ди еджапIэр зэрыгушхуэхэмкIэ. Апхуэдэу, Хэку зауэшхуэм, СВО-м хэкIуэда нэрыбгэ 18-м дрогушхуэ икIи я фэеплъым и нагъыщэу аращ удз гъагъэ гуэрэн 18 къыщIыхэтхар. А 18-м ящыщу 3-р мы еджапIэм-гимназием щеджащ, СВО-м псэемыблэжу хэтащ, хэкIуэдащ.

Ди еджакIуэхэм, гъэсэнхэм сыт щыгъуи ядыдоIыгъ Хэку зауэшхуэми, СВО-ми теухуа хъыбархэр, щапхъэхэр, псалъэхэр щIэзыгъэбыдэж Iуэхугъуэхэр. Апхуэдэ лэжьыгъэр щIэблэм и псэ зыузэщIыныгъэм, хьэлщэныфIхэм щхьэмыпэкIэ къанэкъым икIи дызэрыгушхуэн щIэблэ гимназием илъэс къэси къыщIотаджэ. «Сад памяти» акцэри апхуэдэ унэтIыныгъэгупсысэщ и лъабжьэри, дрогушхуэ абы ди гуащIэ Iыхьэ зэрыхэтлъхьам,—жиIащ еджапIэм и унафэщIым егъэджэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и къуэдзэ Арэхэ Розэ.

Зи №18 къалэ гимназием щеджа щIалищым я цIэр мыкIуэдыжыну тхыдэм къыхэнэнущ. Абы къыщымынэу, зыщеджа еджапIэм абыхэм пщIэрэ щIыхьрэ хуащIу, «Сад памяти» акцэм ипкъ иту, я цIэкIэ хуагъэтIысащ дяпэкIэ удз гъагъэ дахэу пщIантIэм щыфIэрэфIэну, лIыгъэмрэ цIыхугъэмрэ зэрыпIалъэншэ фIыгъуэм я нагъыщэу щытыну удз гъагъэ гуэрэнхэр.

Дыхуейт лIыхъужь къэс дыкъытеувыIэну, ди щIэджыкIакIуэр нэIуасэ хуэтщIыну.

**БАГОУТДИНОВ Виталий Павлович**

1993 гъэм мазаем и 23-м къалъхуащ.

СВО-м щыIэу, и зауэлI къалэнхэр игъэзащIэу, 2022 гъэм, жэпуэгъуэм и 14-м Херсон областым и Iэхэлъахэхэм щыхэкIуэдащ.

**СКИДАНОВ Станислав Витальевич**

1994 гъэм гъатхэпэм и 10-м къэхъуащ. Украинэм, Луганск, Донецк ЦIыхубэ республикэхэм, и зауэлI къалэнхэр щигъэзащIэу, 2022 гъэм фокIадэм и 5-м хэкIуэдащ.

**КУЗЬМИН Андрей Владимирович**

1985 гъэм шыщхьэIум и 15-м къэхъуащ. СВО-м езыр хуейуэ, доброволецу кIуащ. 2022 гъэм шыщхьэIум щегъэжьауэ щыIащ.

А гъэ дыдэм, шыщхьэIум и 6-м хэкIуэдащ, щIытIым къыдадза биишэм зэрылIыкIын уIэгъэ хьэлъэр къытридзэри.

*ЗауэлI хахуэхэм — ену фэеплъ, ену щIыхь! Фэ — Урысейм фригушхуапIэщ!*

*Фэ — Хэкум фрищIыхьщ!*

ЗауэлIхэм я сурэтхэм тетха а псалъэхэр хэти ди гум къиIукI фэеплъ джэрпэджэжщ.

**ТУАРШЫ Ирэ**

"Бессмертный полк"

# МылIэжыпсэхэр дохъумэ



ХЬЭБЗЭ, АДЫГЭ-ХЬЭБЛЭ муниципальнэ районхэм ит курыт еджапIэхэм щеджэхэр, абыхэм я егъэджакIуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ, дыкъызытекIыжахэм я хахуагъэм пщIэ хуащIу, хэтащ «Бессмертный полк в каждой школе» Урысейпсо акцэм. Сабийхэр гуфIэгъуэ линейкэхэм хэуващ Хэку зауэшхуэм хэта я Iыхьлыхэм я сурэтхэр яIыгъыу, дакъикъэкIэ щыму хуэщыгъуащ абыхэм я фэеплъым. Абы иужькIэ, класс къэс щекIуэкIащ «Разговоры о важном» класс сыхьэтхэр, Хэку зауэшхуэм теухуа уэрэдхэр жаIащ, усэхэм къеджащ.



**ПАЩIЭ Хьэдис**

«Окна Победы»

# МахуэщIым и нагъыщэу

**Хьэбэз муниципальнэ районым щыIэ курыт еджапIэхэм «Окна Победы» зи фIэщыгъэцIэ Урысейпсо хэкупсэ акцэ щекIуэкIащ.**



Накъыгъэм (майм) и 9-м хуэкIуэу, къэралым и сыт хуэдэ хэгъуэгуми Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр къызэрыщытлъэщауэ щытам теухуауэ дауэдапщэхэр ирагъэкIуэкI. Апхуэдэщ «Окна Победы» хэкупсэ акцэри.

Хабзэ яхуэхъуауэ, ди хэгъуэгум щыIэ курыт еджапIэхэр, сабий IыгъыпIэхэр жыджэру абы хэтщ.

«Окна Победы» акцэм и къалэн нэхъыщхьэр щIалэгъуалэм хабзэхэр, тхыдэр янэхьэсынращ, Урысей псомкIи мыхьэнэ зиIэ махуэщIыр нэхъ IупщIу зыхагъэщIэнращ, ТекIуэныгъэр къэзылъэща лIыхъужьхэм пщIэ хуащIу ныбжьыщIэхэр къэгъэтэджынращ.




***Газетым и къыкIэлъыкIуэ къыдэкIыгъуэр накъыгъэм (майм) и 16-ращ.***

@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр

Черкес хэку
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru

Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ:
АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу

Редколлегием хэтхэр:
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ:
ДЗЭМЫХЬ Маринэ,
жэуап зыхь секретарь: АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
отделхэм я редактору:
ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.

Редакцэ советым хэтхэр:
Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ.

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъынымкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2859-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.

Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.

ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием-26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор ТУАРШЫ Ирэ,
корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ДЖЫДЖИЙ Динэ